# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने गोरखपुर दौरा के दुसरका दिन्ने आजु कई गो कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के गोरखपुर के मानबेला में आयोजित एगो कार्यक्रमन में एक हजार चारि सौ अट्ठानबे करोड़ रूपिया के लागति क कई गो विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलीं। एहमें चारि सौ अड़तीस करोड़ अड़तीस लाख सात हजार रूपिया कै विकास परियोजनन क लोकारपण अउर एक हजार साठ करोड़ अट्ठानबे लाख तिरासी हजार रूपिया के परियोजनन क सिलान्यास सामिल हौ।

एहसे पहिले मुख्यमंत्री बाबा साहेब डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर सम्मान अभियान के तहत गोरखपुर क्लब में आयोजित संगोस्ठी में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि देस संविधान निर्माण के सथहीं बरिस ओन्नइस सौ बावन में अनुसूचित जाति, जनजाति, अति पिछड़ी जाति अउर महिला लोगिन के ओट दिहले क अधिकार दिहलें। ई बाबा साहेब के नाते ही सम्भव हो सकल।

गोरखपुर के एगो होटल में आयोजित संवाद से जुड़ल एगो कार्यक्रम में मुख्यमंत्री प्रदेस में बदलत वातावरण से पूरबी उत्तर प्रदेस में आइल बदलावो के बारे में चरचा कइलें।

**********

**पचास वर्ष की इस यात्रा में गोरखपुर ने भी अब बहुत कुछ बदलाव देखा है। आज गोरखपुर को कोई बीमारी का अड्डा नहीं बोल सकता। आज कोई पूर्वी उत्तर प्रदेश से पलायन की बात नहीं कर सकता। आज कोई पूर्वी उत्तर प्रदेश में या गोरखपुर में यहां पर किसी बीमारी की चर्चा के लिए एक बदनाम जगह के रूप में नहीं दर्ज कर सकता। आज कोई यहां पर माफिया गैंग अव्यवस्था पैदा कर रहा है, इसके बारे में कोई गोरखपुर को या पूर्वी उत्तर प्रदेश को या उत्तर प्रदेश को बदनाम नहीं कर सकता।**

मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर परिसर में आजु भिन्नहीं आयोजित जनता दरसन कार्यक्रमो में हिस्सा लिहलें अउर करीब तीनि सौ फरियादीयन कै समेस्या सुनलें।

**********

प्रदेस दौरा पर आइल रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह आजु लखनऊ में सांसद खेल महाकुंभ क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में देस में नया खेल संस्कृति विकसित भइल हौ। उहां के कहलीं कि केन्द्र अउर प्रदेस सरकार के खेलिन के अनुकूल नीति अपनवले के नाते छोटहन सहस के नौजवानन के आपन प्रतिभा देखवले क मौका मिलि रहल हौ। रक्षा मंत्री ईहो कहलें कि सरकार बरिस दुइ हजार छत्तीस में होखे वाला ओलम्पिक खेलिन के देस में आयोजित कइले क हर सम्भव कोसिस कइ रहलि हौ।

**खेलों को हम लोग बहुत ही गंभीरतापूर्वक लेते हैं आज हमारी सरकार दो हजार छत्तीस ओलंपिक खेलों का आयोजन गुजरात में करने के लिए पूरा प्रयास कर रही है। वहीं अन्य विश्वस्तरीय खेलों का भी आयोजन भारत में हो, इसका भी प्रयास हमारे यहां तेजी से चल रहा है।**

येह मौका पर रक्षा मंत्री खेलाड़ियन, पत्रकारन अउर सफाई करमचारियन के सम्मानितो कइलें।

**********

अम्बेडकरनगर जिला में सैंतालीसवां राष्ट्रीय पुरुष हैंडबॉल प्रतियोगिता बिहने से सुरू होई। एहमें देस भर से एकतीस टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि। प्रतियोगिता में सामिल होखे बदे पहुंचलि टीमिनि क आजु जिला में भव्य स्वागत कइल गइल। अम्बेडकरनगर क जिलाधिकारी अविनाश सिंह बतवलें कि प्रतियोगिता बदे जिला में खेलगांव बनावल गइल हौ।

**********

प्रदेस के अलगि–अलगि जिलन में भइल सड़कि दुरघटना में पछिला चउबीस घंटा में करीब दस लोगिन क मउति हो गइल ओहीं करीब डेढ़ दरजन लोगि घाही हो गइलें। फतेहपुर जिला के खागा कोतवाली इलाका में आजु भिन्नहीं सुजानीपुर मोड़ के लग्गे एगो खड़ा ट्रक में तेज रफ्तार कार लड़ि गइल, जेहमें प्रयागराज जा रहल कार सवार चारि लोगिन मउति हो गइल आ दुइ जने घाही हो गइलें। जौनपुर जिला में काल्हि देर राति केराकत–जौनपुर राहि पर एगो बेकाबू गाड़ी मोटरसाइकिलिन के ठोकर मारि दिहलस, जेहमें मोटरसाइकिलि सवार दुइ नौजवानन क ओहिजुकवें मउति हो गइल ओही एगो मनई गम्हिराहे घाही हो गइल। इटावा जिला के सहसो थान्हा इलाका में फूप चौरेला राहि पर काल्हि संझा दुइ गो मोटरसाइकिलिन के टक्कर में तीनि जने क मउति हो गइल। येह दुखद हादसा में घाही दुइ गो अउरियो लोगिन क इलाज चलि रहल बा। रायबरेली जिला के मिल एरिया थान्हा इलाका में अमेठी–रायबरेली राहि पर बरातियन से भरल एगो कार के एगो डम्पर टक्कर मारि दिहलस, जेहमें एगो मेहरारू क मउति हो गइल आ दरजन भर से बेसी लोगि घाही हवें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग बिहने के बाद प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक प्रदेस में बिहनहूं कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क सम्भावना बा। विभाग बतवले हवे कि आजु अउर बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस के कुछु जगहिनि पर तेज झोंकेदार बेयारि चलले के सथहीं बिजुलियो गिरि सके ला। येह बिच्चे, आजु भिन्नहीं गोरखपुर अउर अम्बेडकरनगर के सथहीं एकरे लग्गे के कई जिलन में आन्हीं के साथे भइल बूंदाबांदी अउर बरखा से कुछु देर खातिर लोगिन के गरमी से राहति मिलि गइल। हलांकि दिन में लोगि तेज घामो क सामना कइलें।

**********